

# INEGALITE RASYAL NAN ZAFÈ LOJMAN

Depi lontan inegalite rasyal se bagay ki kouran nan zafè lojman, sa te kòmanse atravè politik publik tankou liy wouj, segregasyon, abi nan kesyon prete lajan, ak esklizyon nan New Deal la ak G.I. Bill. Rezulta pratik diskriminatwa sa yo rive byen lwen e yo kontinye alimante kriz lojman ki egziste kounye a.

Lig Nasyonal pou Vil yo mete aksan sou senk nan fason politik rasis sa yo kontinye gen enpak sou ameriken nwa yo jodi a:

- An mwayèn, kay ki nan katye nwa yo sou evalye ak prèske \$50,000 diferans
- Moun nwa yo gen plis chans pase blan yo pou lajan yo touche rete nan nivo povrete a oswa pi ba pase revni mwayen nan zòn nan.
- Fanm nwa ki pa touche gwo lajan yo gen anpil responsabilite depans epi yo fè fas ak pi gwo pouvantaj ekspilsyon yo.
- Ameriken nwa yo reprezante 13% nan popilasyon jeneral la men plis pase 40% nan popilasyon moun ki pa gen kay, ki sanzabri.
- Nan ane 2020, to chomaj moun nwa yo te prèske 44% pi wo pase to chomaj blan yo.

# Politik pou Chanjman

1. Ankouraje pi gwo aksè pou kominate moun nwa yo ka pwopriyetè kay: Nou ka akonpli sa lè nou defann pi gwo aksè ak èd jwenn pou pèman alavans, agrandi aksè ak kredi abòdab epi defann opòtinite pou moun kominate nwa yo gen aksè pou yo pwopriyetè.
2. Mete yon fen nan kontinyasyon segregasyon an.
3. Sipòte devlopman lojman pou lokasyon abòdab: Ogmante disponiblite bon an ka rapidman soulaje fado pri lojman pou plizyè santèn milye lokatè nwa. Se poutèt sa envestisman piblik nan rann lokasyon abòdab yo esansyèl pou lite kont pri enjis yo ak enstabilite lojman fanmi nwa yo ap fè fas.

Sant Lojman Ekitab Connecticut se yon òganizasyon ki pa travay pou lajan k ap fè demach pou asire tout moun gen aksè egal pou jwenn opòtinite lojman, san diskriminasyon.

Si w te fè eksperyans diskriminasyon pou lojman, fè yon rapò sou sa! Kontakte Sant Lojman Ekitab Connecticut!



(860) 247-4400 | (888) 247-4401  
[info@ctfairhousing.org](mailto:info@ctfairhousing.org)  
[www.ctfairhousing.org](http://www.ctfairhousing.org)



Se finansman anba yon sibvansyon Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini ki te te sipòte travay ki sèvi kòm baz pou piblikasyon pa. Kontni ak konklizyon travay sa la pou piblik la. Sèlman otè a ak piblikatè yo responsab presizyon deklarasyon ak entèpretasyon ki nan piblikasyon sa a. Entèpretasyon sa yo pa nesesèman reflete opinyon Gouvènman Federal la.